

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK
JEWOGRAFI JENERAL II (NIVO 10)**

Lendi 3 jen 2019 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen 2 dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

Nan kè menm Tokyo nou jwenn palè enperyal la, sit ansyen Chato Edo a. Andedan yon fose kolosal avèk ranpa yo ki eklipse nenpòt bagay moun wè an Ewòp, vas espas lib yo fèmen dènye fragman youn (1) nan moniman disetyèm syèk la ki te pi enpozan nan monn lan. Atravè glòb la nan Lafrans, palè Louis XIV la ak jaden Vèsay yo fòme yon enpresyon ki sanble nan dominasyon atifisyèl lanati ak sosyete a. Plizyè mil jaden fòmèl yo ponktye [dekore] avèk fontèn yo ak estati ki antoure yon palè yo konnen pou mayifisans fwad li, avèk tout ansanm vil la, palè, ak pak ki oryante li ozalatou yon pwen fokal inik, santral: chanm Wa Solèy la. Chak konplèks senbolize yon sistèm pouvwa. Edo evoke [mennen nan panse] rèy Tokugawa dapre estati, ki dekrete ke bawon daimyo yo, ki yo menm te oblije pase yon ane sou de nan Edo lwen pwòp domèn rejyonal yo, te viv administrativman ak espasyalman an segregasyon pa rapò ak divès lòt kategori sijè yo, tout te ranje selon yon modèl sektè rezidansyèl yo an espiral ozalantou chato a. Vèsay, nan yon modèl ki sanble, montre [endike] apriwazman aristokrasi Fransèz la nan yon “kaj dore”, kote yo t ap lite pou favè yo pandan Wa Solèy la te minen otorite yo epi depouye yo de endepandans yo. . . .

— William Beik, “Louis XIV and the Cities,” *Edo and Paris: Urban Life and the State in the Early Modern Era*, Cornell University Press, 1994

- | | | |
|---|--|---|
| 1 Selon pasaj sa a, yon fason chato a nan Edo ak palè a nan Vèsay te sanble sèke toude te | | 2 Ki deklarasyon pasaj sa a ka pi byen sipòte? |
| (1) vini senbòl pouvwa ak richès | | (1) Plis nòb yo te endepandan plis pozisyon yo te pi wo. |
| (2) transfòme nan sant monastik pou aprantisaj | | (2) Nòb yo te mentni otorite yo lè yo te rete izole. |
| (3) dwe bay pwoteksyon ak prevni atak yo | | (3) Dirijan yo te kontwole nòb yo lè yo enfliyanse kote yo t ap viv. |
| (4) sèvi kòm moniman yo pou militè yo | | (4) Pase tan nan sektè ki gen segregasyon yo te garanti nòb yo sipò dirijan yo a. |

Sèvi ak dokiman yo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

Deklarasyon Dwa Lòm ak Sitwayen – 1789	Deklarasyon Dwa Fanm ak Sitwayèn yo – 1791
<p>Atik yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Lòm fèt ak rete lib epi egal nan dwa yo. Distenksyon sosyal yo kapab fonde sèlman sou byennèt jeneral la. 2. Objektif tout asosyasyon politik se prezèvasyon dwa natirèl ak enpreskriptib [inalyenab] lòm yo. Dwa sa yo se libète, pwopriyete, sekirite ak rezistans fas ak opresyon. . . . 4. Libète konsiste nan libète pou fè tout bagay ki pa koze domaj ak okenn lòt moun; kidonk egzèsis dwa natirèl chak lòm pa gen okenn limit eksepte sila yo ki asire ak lòt manm yo nan sosyete a jwisans menm dwa sa yo. Lalwa sèlman ka detèmine limit sa yo. . . . 6. Lalwa se ekspresyon volonte jeneral la. Chak sitwayen gen dwa pou patisipe pèsònèlman, oswa atravè reprezantan li, nan fondasyon li. Li dwe menm pou tout, menm si li pwoteje oswa pini. Tout sitwayen, dèske yo egal nan je lalwa, elijib egal ego nan tout diyite yo ak tout pòs piblik yo ak pwofesyon yo, selon konpetans yo, epi san distenksyon eksepte sa ki an rapò ak vèti ak talan yo. . . . 	<p style="text-align: center;">PREMYÈ ATIK</p> <p>Fanm fèt lib epi rete egal ak lòm nan dwa yo. Distenksyon sosyal yo kapab sèlman fonde sou sèvis komen.</p> <p style="text-align: center;">II</p> <p>Objektif tout asosyasyon politik yo se prezève dwa natirèl ak inalyenab Fanm ak Lòm: sa yo se dwa ak libète, pwopriyete, sekirite ak, anwo tout, rezistans fas ak opresyon. . . .</p> <p style="text-align: center;">IV</p> <p>Libète ak jistis repoze nan rann tout bagay ki apateni ak lòt yo kòm dwa. Kidonk, egzèsis dwa natirèl fanm lan pa gen limit eksepte tirani pèpetyèl lòm k ap opoze yo: lalwa lanati ak rezon yo dwe refòme limit sa yo. . . .</p> <p style="text-align: center;">VI</p> <p>Lalwa dwe ekspresyon volonte jeneral la; tout sitwayen, fanm kou gason, ta dwe konvni [dakò] pèsònèlman oswa a travè reprezantan yo nan fòmasyon li, epi li dwe menm pou tout. Tout sitwayen yo, dèske yo egal nan je lalwa, dwe elijib egal ego ak tout onè yo, pozisyon yo ak pòs piblik yo selon konpetans yo, epi avèk okenn lòt distenksyon sof sa yo ki an rapò ak vèti yo ak talan yo. . . .</p>
<p style="text-align: center;">Sous: The Avalon Project at Yale Law School</p>	<p style="text-align: center;">Sous: Olympe de Gouges, 1791</p>

- 3 Ki filozofi politik toude dokiman yo pi byen sipòte?
- (1) Eta lalwa reprezante yon kontra sosyal ak pèp la.
 - (2) Tirani ankouraje libète ak sekirite.
 - (3) Separasyon pouvwa yo garanti tretman ekitab pou moun.
 - (4) Opresyon pwomouvwa volonte jeneral la.

- 4 Ki evènman ki te enfluyanse pi dirèkteman ekriti toude dokiman yo?
- (1) Revolisyon Iranyèn
 - (2) Revolisyon Kiben
 - (3) Revolisyon Fransèz
 - (4) Revolisyon Ris

Sèvi ak pasaj ak imaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

. . . “Mwen te kòmanse nan Cork, nan kourye a [antrenè] (enfòmètè nou an di), pou Skibbereen epi mwen te wè yon tikras jiskake nou te vini nan Clonakilty, kote charyo a te kanpe pou dejene; epi isi a, pou premyè fwa, atwosite povrete yo te vini vizib, nan kantite vas pòv grangou yo, ki te antoure charyo a pou mande la charite: pami yo yon fanm ki t ap pote nan bra li kadav yon bèl timoun, epi li t ap fè apèl ki pi aflijan ak pasaje yo pou èd pou ede li achte yon sèkèy pou antere ti bebe cheri li a. Espèktak orib sa a te pèsyade mwen pou fè kèk ankèt sou li, lè m te aprann nan men moun otèl la chak jou te mennen plizyè douzèn kandida konsa nan vil la. . . .”



Sous: James Mahony, “Sketches in the West of Ireland,” *The Illustrated London News*, February 13, 1847 (adapte)

5 Kisa ki gen plis chans pou se objektif dokiman sa a?

- (1) pou souliye avantaj mache lib yo
- (2) pou anrejistre konsekans negatif anbochaj timoun
- (3) pou minimize enpak inovasyon agrikilti yo
- (4) pou enspire refòm sosyal ak politik

6 Kondisyon yo ki dekri nan pasaj sa a bay dirèkteman kòm rezilta

- (1) Iland anvayi Bretay
- (2) plizyè milyon Ilandè emigre Ozetazini
- (3) pifò pwopriyetè yo anile lwaye Ilandè yo te dwe a
- (4) Bretay dakò pou retire l nan Iland

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . Pafwa, yo konnen gaz pakouri, avèk konsekans tèrib, kenz (15) mil dèyè liy yo.

Yon kas pou gaz oswa lafimen, jan yo rele l la, nan pi bon ka a se yon bagay ki gen yon odè abominab, epi sa pa pran tan pou yon moun gen yon vyolan tèt fè mal lè li mete li.

Kanon dizuit (18) liv nou yo t ap ekploze nan Zòn Net (No Man's Land) lan, nan yon efò, atilri a, pou dispèse nyaj gaz yo.

Tranche a te ranpli ak gason ki akwoupi, bayonèt ki fikse yo, ak bonm yo tou pre pou repouse atak nou t ap atann lan.

Atileri nou an te mete yon baraj ak rido dife sou liy Alman yo, pou eseye kraze atak yo a epi kenbe ranfò dèyè yo.

Mwen te antrene mitrayèz mwen sou tranche yo a epi bal li yo t ap rakle parapè a [wouze mi an].

Answit yo te vini ankò, bayonèt resplandisan. Nan mask respiratwa yo a, ki genyen yon gwo mizo devan li, yo te sanble ak yon kochma òrib. . . .

— Arthur Empey, "Over the Top," G. P. Putnam's Sons, 1917

7 Yon istoryen ka pi byen itilize pasaj sa a pou etidye ki sijè Premyè Gè Mondyal la?

- (1) evènman yo ki te kòmanse lagè a
- (2) enpak konba sou sivil yo
- (3) ekipman solda yo te itilize
- (4) pwopagann ki te sipòte efò lagè a

8 Ki deklarasyon pasaj sa a ka pi byen sipòte?

- (1) Nouvo teknoloji te fè lagè pi destriktè.
- (2) Lagè te gen yon enpak limite sou anviwònman an.
- (3) Yo te pini peyi yo ki te angaje nan lagè pou aksyon yo a.
- (4) Move sante ak maladi te pran plizyè lavi.

Sèvi ak imaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.



Sous: Philip Dorf, *Visualized World History*, Oxford Book Company

9 Ki pozisyon ki ekspri nan imaj sa a?

- (1) Legliz Òtodòks Ris la te lakòz chit dinasti Romanov la.
- (2) Gouvènman Ris la te ankouraje yon divèsite opinyon yo.
- (3) Romanov yo te siprime lide Syèk Limyè yo andedan anpi yo a.
- (4) Revolisyon Ris la te fè kondisyon yo pi mal pou pifò minorite yo.

10 Ki sikonstans istorik alontèm sou Larisi yo montre nan imaj sa a?

- (1) apèl Maksis pou nòb Ris yo
- (2) rèy otokratik wayote Ris
- (3) rejè mouvman Panslavis la
- (4) sipò Legliz Òtodòks Ris la pou ideyal demokratik yo

Sèvi ak chema kwonolojik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 jiska 13.

Entèraksyon yo ant Etazini Damerik ak Inyon Sovyetik la		
1948-49	1962	1979
An jen 1948, Inyon Sovyetik la bloke Bèlen de Lwès demokratik. Etazini ak alye li yo voye founiti pa avyon chak jou pou kenbe vil la pou l pa mouri grangou. Sovyetik yo te leve blokis la an me 1949.	Avyon espyon Etazini yo dekouvri sit nikleyè yo Sovyetik yo te konstwi nan Kiba. Apre yon enpas tandi 13 jou avèk Prezidan John F. Kennedy, Sovyetik yo retire misil yo.	Twoup Sovyetik yo envayi Afganistan. Avèk èd Etazini, konbatan islamik yo mennen yon lagè geriya pandan 10 lane kont Sovyetik yo, ki retire yo an 1989.

— Carl Stoffers, “Are We Heading Toward a New Cold War?” *New York Times Upfront*, October 10, 2016 (adapte)

- | | |
|---|--|
| <p>11 Ki aksyon politik etranjè ki pi byen eksplike repons Etazini fas ak sitiyasyon Lagè Fwad la yo?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) depandans sistematik sou apezman (2) tantativ konstan pou mete detant (3) yon pouswit kontini pou nonnaliman (4) yon angajman alontèm kont ekspansyon <p>12 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte modèl entèraksyon ant Etazini ak Inyon Sovyetik la ant 1948 ak 1979?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Konfli ki te rive lè yon kote te eseye elaji esfè enfliyans li nan yon lòt peyi oswa rejyon. (2) Dezakò yo ant Etazini ak Inyon Sovyetik la te rezoud byen vit san deplwaman militè yo. (3) Dirijan lòt peyi yo te ankouraje konfli ant sipèpisans yo. (4) Lapè ak estabilite te kreye atravè monn lan kòm rezilta alyans lan ant Etazini ak Inyon Sovyetik la. | <p>13 Ki dokiman ki ta pi byen bay enfòmasyon sou enpak evènman sa yo te genyen sou rejyon yo eksepte Etazini ak Inyon Sovyetik la?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) manyèl Ris ki te pibliye an 2015 (2) entèvyou nan televizyon avèk Prezidan John F. Kennedy (3) memwa pèp yo ki ap viv nan Almay de Lès, Kiba ak Afganistan (4) grafik lineyè pwodui enteryè brit Inyon Sovyetik la ant 1948 ak 1968 |
|---|--|

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 14 ak 15.

Paske yon mach Gandhi pou yon kenzen ta dwe sèlman yon manifestasyon. Ansuit, lè li atann l ap nan lanmè, li pral kòmanse pwodui sèl ak somi [dlo sale], konsa anpyete [vyole] monopòl sèl Gouvènman an, nan defye Gouvènman an pou arete li ak pini li. An menm tan li ensite sipòtè li yo tout kote pou refize peye taks lokal yo.

— Gandhi's March to the Sea, *The Guardian*, 1930

- | | |
|--|---|
| 14 Aksyon Gandhi te pran yo refilete angajman li a pou ki politik?
(1) kolektivizasyon
(2) entolerans relijye
(3) dezobeyisans sivil
(4) sansi | 15 Aksyon Gandhi yo ak sipòtè li yo, jan li dekri nan pasaj sa a, te ede menen nan
(1) entèdiksyon liv ak mizik Oksidantal yo
(2) eliminasyon kontwòl Britanik lan nan soukontinan an
(3) devlopman yon alyans ekonomik pou nasyon Azi di Sid yo
(4) separasyon pasifik Lend Britanik an Lend ak Pakistan |
|--|---|
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 ak 17.

. . . Istwa montre ke lagè divize an de (2) kategori, jis ak enjis. Tout lagè yo ki pwogresif [refòm] jis, epi tout lagè yo ki anpeche [antrave] pwogrè enjis. Nou menm Kominis opoze tout lagè enjis yo ki anpeche pwogrè, men nou pa opoze lagè pwogresif, jis yo. Non sèlman nou menm Kominis pa opoze lagè jis yo, nou patisipe aktivman nan yo. Kanta pou lagè enjis yo, Premyè Gè Mondyal la se yon egzantp kote toude kote yo t ap konbat pou enterè enperyalis yo; kidonk Kominis yo nan tout monn lan te opoze fèmeman lagè sa a. Fason pou opoze yon lagè konsa se fè tout sa ki posib pou anpeche li avan li eklate epi, yon fwa li eklate, opoze, lagè avèk lagè, pou opoze lagè enjis avèk lagè jis, toutfwa li posib. . . .

— Mao Zedong, *Quotations from Chairman Mao Tse-Tung*, Foreign Languages Press, Peking, 1966

16 Selon pasaj sa a, kisa Mao kwè sou lagè apati pèspektiv kominis lan?

- (1) Lagè yo inevitab kèlkeswa sosyete a.
- (2) Lagè yo kapab jis oswa enjis sa depann de objektif yo.
- (3) Lagè yo gen yon objektif nan tout sosyete yo akòz yon bezwen konstan pou chanjman.
- (4) Lagè yo ta dwe otorize lè yon gouvènman bezwen anpeche pwogrè.

17 Selon pasaj sa a, kisa Mao kwè sou Premyè Gè Mondyal la?

- (1) Kwayans filozofik peyi ki nan konkirans yo te defye ideyal tradisyonèl yo.
- (2) Benefis politik potansyèl nasyon Ewopeyen yo te benefisye Lachin.
- (3) Peyi nan lagè yo te enplike pou pwòp avantaj ekonomik endividyèl yo.
- (4) Pèt militè posib yo te fè li twò riske pou Pati Kominis lan entèveni.

Sèvi ak desen ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 ak 19.



Sous: Kevin Kallaugher, *The Economist*, February 14, 2004 (adapte)

18 Kiyès dirijan eritaj politik li te enfluyanse pi dirèkteman sitiwayon yo montre nan desen 2004 sa a?

- (1) Ayatollah Khomeini
- (2) Slobodan Milošević
- (3) Augusto Pinochet
- (4) Kemal Atatürk

19 Kisa ide prensipal desen ane 2004 sa a ye?

- (1) Iran kontinye bati enfastrikti modèn li a.
- (2) Iran ap eksperimente tansyon ant tradisyon ak modènite.
- (3) Chwa bilten vas yo te afebli demokrasi nan Iran.
- (4) Teyokrasi se pi bon fòm gouvènman pou Iran adopte.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 jiska 22.

. . . Poutan nan mwa resan yo yon bagay te chanje. Kim Jong Il, ke rejim li an te responsab pou premyè tès la epi ki te mouri an 2011, te gen sèlman yon dispozitif nikleyè ridimantè [bazik], itil prensipalman pou chantaj. Anba pitit li a, Kim Jong Un, pwogram nan rapidman te akselere, avèk de (2) tès nikleyè ane sa a sèlman. Nò a te kondui tou 21 tès misil ane sa a, ansanm ak youn (1) ki soti nan yon soumaren—yon premyè. Kapasite pou minyatirize yon zam nikleyè taktik sou yon misil operasyonèl kapab rive nan de (2) oswa twa (3) ane apèn, avèk yon misil balistik entèkontinantal ki kapab frape Kalifoni posib nan yon peryòd senk (5) ane. Chun Yung-woo, yon ansyen konseye sekirite nasyon Sid Koreyen pale de “outraj kwasan . . . apre senk (5) tès, yon chanjman atitud, yon santiman ijans.”

Otrefwa, li te posib pou espere ke rejim izole Nò a t ap enploze [echwe] anba pwòp kontradisyon li yo avan li te genyen yon kapasite nikleyè apwopriye. Men ekspansyon mache enfòmèl yo ak, pou kèk Nò Koreyen, yon mezi pwosperite kapab te ranfòse chans sivi rejim lan. Yon konsantman nan Sewoul ap pran plas ke Mesye Kim kounye a vize dikte evènman yo sou penensil la—ansanm ak kapasite pou egzije ke Ameriken yo kite. Yon diplomat etranje senyò nan Sewoul di ke pou premyè fwa li tande moun ap mande ouvètman si pral genyen yon gwo konfli sou penensil la pandan egzistans yo. . . .

— “A Shrimp Among Whales,” *The Economist*, October 27, 2016

20 Tansyon yo ant Kore di Nò ak Kore di Sid ki dekri nan pasaj sa a te kòmanse pou

- (1) fwontyè yo ki te trase pandan Lagè Fwad la
- (2) konfli etnik sou penensil Koreyen an
- (3) litij komèsyal ki santre sou dwa lapèch nan Lanmè Jòn nan
- (4) akizisyon teknoloji soumaren Lachin lan nan men Kore di Nò

21 Selon pasaj sa a, nan ki fason sitiyasyon nan penensil Koreyen an konparab ak istwa Azi di Sid depi Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Manifestasyon pasifik yo te menen pisans kolonyalis yo kapitile kontwòl yo sou rejyon an.
- (2) Pwosperite kwasan te akonpanye yon chanjman soti nan rèy totalitè pou rèy demokratik.
- (3) Konfli rejyonal yo te kontribye nan pwoliferasyon zam nikleyè yo.
- (4) Pwogrè teknolojik la te redui tansyon epi menen nan amelyorasyon relasyon komèsyal yo.

22 Ki deklarasyon pasaj sa a ka pi byen sipòte?

- (1) Yon kous pou ameman pral ede apeze tansyon yo sou penensil Koreyen an.
- (2) Kowoperasyon ekonomik ant de (2) Kore yo t ap etann demokrasi nan Nò a.
- (3) Yon envazyon Etazini ta ka retire Kim Jong Un sou pouvwa avèk kèk viktim.
- (4) Tès militè ki gen siksè Kore di Nò yo ogmante plis chans pou lagè.

Sèvi ak foto ki anba la a yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

Yon Estad Avèk yon Pase Sanglan



Chili: Pandan plizyè semèn apre koudeta a, militè yo te arete aktivis politik ak sosyal yo epi sipòtè ansyen prezidan, Salvador Allende, yo te sispèk yo, epi yo te mennen yo nan edifis [estrikti] beton, ki te ouvri an 1938 epi ki te resevwa match yo nan Koup di Monn 1962 a. . . .

Sous: David Waldstein, "In Chile's National Stadium, Dark Past Shadows Copa América Matches," *New York Times*, June 17, 2015 (adapte)

"Lagè Sal" La



Ajantin: Manman Plaza de Mayo yo. Dapre yon rapò ki te pibliye an 1986, preske 9,000 Ajantin te disparèt pandan "lagè sal" la.

Sous: Gofen and Jermyn, *Argentina*, Marshall Cavendish, 2002 (adapte)

23 Selon foto sa yo, ki aksyon gouvènman Chili ak Ajantin yo te pran ki te vyole prensip Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun lan?

- (1) jiri yo te kondi pwochè yo
- (2) eksploze izin yo
- (3) arete kriminèl koni yo
- (4) kidnapè opozan politik yo

24 Nan ki fason sitiyasyon yo montre nan foto sa yo sanble?

- (1) Rejim militè yo te ranvèse dirijan yo ki te eli demokratikman nan toude peyi yo.
- (2) Nasyonzini te voye fòs mentyen lapè yo ki te bay èd nan toude peyi yo.
- (3) Pati maksis yo te retire dirijan yo ki te kenbe pouvwa a nan toude peyi yo.
- (4) Lame etranjè yo te mennen envazyon nan toude peyi yo.

Sèvi ak desen ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.



. . . “Putin kwè sensèman ke fen Lagè Fwad la te yon sous imilyasyon ak mizè pou Larisi epi devwa nenpòt dirijan Ris se pou efase imilyasyon sa a epi restore Larisi nan nivo glwa sipèpisans Inyon Sovyetik la,” Leon Aron, Direktè Etid Ris yo nan Enstiti Antrepriz Ameriken an nan Washington, D.C., te deklare. . . .

– Carl Stoffers, “Are We Heading Toward a New Cold War?,” *New York Times Upfront*, October 10, 2016

Sous: Adam Zyglis, *New York Times Upfront*, October 10, 2016

25 Desinatè sa a ap konpare Vladimir Putin ak

- (1) Za Nicholas II
- (2) Joseph Stalin
- (3) Mikhail Gorbachev
- (4) Boris Yeltsin

26 Ki devlopman evènman istorik okòmansman pi byen reflekte estrateji Putin pou rebati prestij Larisi nan monn lan?

- (1) akòde endepandans ak ansyen repbilik Sovyetik yo
- (2) retrè twoup Ris yo nan Afganistan
- (3) leve blokis Bèlen an
- (4) enstalasyon rejim kominis yo atravè Ewòp

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

Jeni apated la se te konvenk moun yo ki te majorite ekrazant lan pou tounen yonn kont lòt. Separe rayisans (apart hate), se sa li te ye. Ou separe moun an gwoup epi fè yo rayi yonn lòt pouke ou kapab kraze yo tout.

Nan epòk la, Sidafriken nwa yo te depase kantite Sidafriken blan yo preske senk (5) kont yonn (1), poutan nou te divize nan tribi ak lang diferan yo: Zulu, Xhosa, Tswana, Sotho, Venda, Ndebele, Tsonga, Pedi, ak plis. Lontan avan apated te egziste fakasyon tribal sa yo te afwonte ak fè lagè yonn avèk lòt. Ansuit rèy blan itilize animozite [rayisans] pou divize ak konkeri. Yo te klase sistematikman tout moun ki pat blan yo nan divès gwoup ak sougwoup yo. Ansuit yo te bay gwoup sa yo nivo dwa ak privilèj yo ki divèjan pouke yo kenbe yo an dezakò. . . .

– Trevor Noah, *Born a Crime: Stories from a South African Childhood*, Spiegel & Grau, 2016

- | | | |
|---|--|--|
| 27 Selon otè sa a, kijan minorite popilasyon blanch lan te mentni kontwòl sou majorite popilasyon nwa a nan Afrik di Sid? | | 28 Depi fen apated la, ki pwoblèm ki kontiye egziste nan Afrik di Sid? |
| (1) atravè konskripsyon militè Sidafriken nwa yo | | (1) enkapasite moun ki pa blan yo pou vote nan eleksyon yo |
| (2) atravè teknik divize pou konkeri ki te kenbe tribi yo an dezakò | | (2) limite enstriksyon edikatif pou Afrikans yo |
| (3) nan aplike itilizasyon lang tribal yo pouke tribi yo pat ka kominike | | (3) blan Sidafriken yo monopolize pouvwa politik la |
| (4) nan pèmèt demokrasi andedan zòn lokalize yo nan kominote Sidafriken nwa a | | (4) pèsistans segregasyon kòm rezilta inegalite ekonomik yo |

Ekri repons ou pou kesyon 29-34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonsè pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konpran; pou bay rezon pou oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout


- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b itilize Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

Paj sa a rete vid toutespre.

Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29-31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1



Sous: Mrs. Ernest Ames, *An ABC for Baby Patriots*, Dean & Sons, 1898 (adapte)

29 Eksplike sikonstans istorik yo ki te mennen nan atitud Britanik yo konsènan anpi yo a yo montre nan pasaj sa a ki soti nan *An ABC for Baby Patriots*. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

Dokiman 2

Jawaharlal Nehru te ekri *The Discovery of India* pandan anprizònman li a nan Fò Ahmadnagar a nan Lend Britanik soti avril jiska septanm, 1944. Nehru te yon dirijan nan Kongrè Nasyonal Endyen an.

Prensipal biznis Konpayi Lend Oryantal la nan peryòd kòmansman li a, objè menm pou sa yo te kreye li, se te pote machandiz manifaktire Endyen yo —tekstil, elatriye, epi tou epis ak bagay ki menm jan yo—soti nan Ewòp de Lès, kote ki te genyen yon gwo demann pou atik sa yo. Avèk devlopman yo nan teknik endistriyèl yo an Angletè yon nouvo klas kapitalis endistriyèl te monte an flèch la sa ki te egzijè chanjman nan politik sa a. Yo te objije fèmèn mache Britanik lan pou pwodui endyen yo epi mache endyen a te ouvri pou pwodiksyon Britanik yo. Palman Britanik lan, sou enfluyans nouvo klas la, te kòmanse montre yon pi gwo enterè nan Lend ak nan fonksyonman Konpayi Lend Oryantal la. Pou kòmanse, yo te eksli ak lejislasyon machandiz Endyen yo nan Grann Bretay, epi kòm konpayi a te genyen yon monopòl, ekslizyon sa a te enfluyans lèt mache etranje yo tou. Apre sa te gen tantativ vigoure pou limite epi kraze pwodiksyon Endyen yo nan plizyè mezi ak taks entèn ki te anpeche distribisyon machandiz Endyen yo andedan peyi a limenm. Machandiz Britanik yo antretan te gen antre lib. Endistri tekstil Endyen an te efondre, sa ki te afekte anpil tiseran ak atizan. Pwosesis la te rapid nan Bengal ak Bihar; lèt kote li te gaye gradyèlman avèk ekspansyon rèy Britanik lan ak konstriksyon ray tren yo. Li te kontinye atravè diznevnyèm syèk la, sa ki te kraze lèt ansyen endistri yo tou, konstriksyon bato, fewonri, vè, papye, ak anpil lòt metye yo.

An kèlke sòt sa te inevitab kòm endistri manifaktirè ansyen an te antre nan konfli avèk nouvo teknik endistriyèl la. Men presyon politik ak ekonomik te akselere li, epi okenn tantativ pat fèt pou aplike nouvo teknik yo nan Lend. An reyalyte tout tantativ te fèt pou anpeche sa rive, epi se konsa devlopman ekonomik Lend lan te kanpe [estope] epi kwasans nouvo endistri a te anpeche. Yo pat kapab enpòte machin nan Lend. Yon vid te kreye nan Lend kote machandiz Britanik yo sèlman te kapab konble, epi sa te mennen tou nan ogmantasyon rapid chomaj ak povrete. Kalite klasik ekonomi kolonyal modèn sa a te bati, Lend te vini yon koloni agrikòl Angletè endistriyèl la, ki ap founi matyè premyè epi bay mache pou machandiz endistriyèl Angletè yo. . . .

Sous: Jawaharlal Nehru, *The Discovery of India*, The John Day Company, 1946

30 Selon pasaj sa a ki soti nan *The Discovery of India*, idantifye pozisyon Jawaharlal Nehru konsènan kolonyalis Britanik lan nan Lend. [1]

Score

Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz—refere ak yon bagay ki kontribye nan aparasyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

Efè—refere ak sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

31. Idantifye **ak** eksplike yon relasyon kòz ak efè ki gen rapò avèk devlopman istorik yo nan dokiman 1 ak 2 yo. Asire ou sèvi ak prèv ki soti nan **toude** dokiman 1 ak 2 yo nan repons ou. [1]

Score

Paj sa a rete vid toutespre.

Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32-34b): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1

Devlopman ekonomik te jwe yon wòl nan efò Lachin yo pou etabli idantite li epi mentni sekirite li nan diferan epòk nan istwa li. Politik devlopman ekonomik yo te afekte relasyon Lachin avèk etranje yo. Pasaj sa a konsantre sou devlopman ekonomik nan Lachin avan Mao Zedong te vini sou pouvwa a epi pandan epòk Mao te nan pouvwa a.

. . . Sistèm ekonomik ak teknolojik Chinwa yo te akayik konpare ak sa Oksidan an yo. Santiman vilnerabilite sa a te kreye kesyon dominan nan politik modèn Chinwa yo, rechèch pou richès ak pou pouvwa a. Premye gouvènman yo pat rezoud li, pwoblèm nan te rete pou Repiblik Popilè a adrese lè li te vini sou pouvwa [1ye oktòb 1949].

Pou devlope san repoze sou pisans etranje yo, Mao Zedong ak kòlèg li yo te konsevwa yon sistèm ki monte sou modèl Stalinis lan men avèk yon ansanm karakteristik inik. Yo te kolektivize tè yo epi yo te òganize peyizan yo an komin. Pati-eta a te ekstrè kapital nan agrikilti, li te itilize li pou bati endistri piblik, epi li te retounen benefis yo pou plis investisman endistriyèl. Sa te mennen nan kwasans endistriyèl rapid nan ane 1950 yo, byenke kwasans lan te ralanti pita anba enpak Gran Pa an Avan an ak Revolisyon Kiltirèl la. Nan twa (3) deseni Lachin te fè limenm otosifizan nan preske tout resous yo ak teknoloji yo.

Sepandan, bò fen lavi Mao an 1976 ekonomi Lachin lan te fije [pa avanse] epi teknoloji te trennen ven (20) jiska trant (30) ane dèyè nòm monn lan yo epi pifò Chinwa yo te viv nan lojman kwense avèk manje ak rad medyòk, mank konfò, epi okenn libète. Pifò Azi ak monn lan te devanse byen lwen Lachin nan direksyon modènite teknik ak sosyal. . . .

Sous: "China's Foreign Policy: The Historical Legacy and the Current Challenge," Asia for Educators online, Columbia University, 2009

32 Eksplike sikonstans istorik yo ki te menen nan devlopman ki diskite nan pasaj sa a ki soti nan "China's Foreign Policy". [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

Dokiman 2

Deng Xiaoping te dirijan ki te pi pisan nan Lachin soti desanm 1978 jiskake li te demisyone an 1992. Nan kòmansman 1992, Deng Xiaoping te vizite epi te bay konferans nan kèk vil Chinwa di sid yo.

. . . Rezon kèk moun ezite egzekite refòm lan ak politik ouvèti a epi pa t oze inovè se, an esans, yo pè pou sa ta vle di entwodui twòp eleman kapitalis ak, an reyalyte, pran wout kapitalis yo. Anje esansyèl la se èske wout la kapitalis oswa sosyalis. Prensipal kritè pou fè jijman sa a ta dwe èske li pwomouvwa kwasans fòs pwodiktiv yo nan yon sosyete sosyalis, ogmante fòs global eta sosyalis la epi leve nivodvi yo. Kòm pou bati zòn ekonomik espesyal yo, kèk moun pa dakò avèk lide a depi nan kòmansman, yo ap mande èske sa pa t ap vle di entwodui kapitalis. Reyalizasyon yo nan konstriksyon Shenzhen te bay moun sa yo yon respons definitif: zòn ekonomik espesyal yo se sosyalis, pa kapitalis. Nan ka Shenzhen lan, sektè piblik la se pilye ekonomi an, tandiske sektè investisman etranje a konte sèlman pou yon ka. Epi menm nan sektè sa a, nou benefisye taks ak opòtinite travay yo. Nou ta dwe gen plis nan twa (3) kalite antrepriz investisman etranje yo [komen, kowoperativ ak etranje]. Pa gen okenn rezon pou pè yo. Tanke nou rete tèt frèt, pa gen okenn kòz pou nou alame. Nou gen avantaj nou yo: nou gen gwo ak mwayèn antrepriz piblik yo ak antrepriz riral yo. Pi enpòtan, pouvwa politik nan men nou.

Kèk moun agimante ke plis investisman etranje sikile epi plis antrepriz nan twa (3) kalite yo etabli, plis eleman kapitalis yo pral entwodui epi plis kapitalis pral gaye nan Lachin. Moun sa yo manke konesans bazik. Nan etap aktyèl la, yo pèmèt antrepriz etranje finanse nan Lachin yo fè enpe lajan an konfòmite ak lalwa ak politik ki egziste yo. Men gouvènman an preleve taks sou antrepriz sa yo, travayè yo resevwa salè yo nan men yo, epi nou aprann teknoloji ak konpetans jesyon yo. Anplis, nou ka gen enfòmasyon nan men yo ki pral ede nou ouvri plis mache. Kidonk, sa depann de kontrent kondisyon politik ak ekonomik jeneral Lachin yo, antrepriz etranje finanse yo se konpleman itil pou ekonomi sosyalis la, epi nan analiz final la yo bon pou sosyalis la. . . .

Sous: Deng Xiaoping, "Excerpts from Talks Given in Wuchang, Shenzhen, Zhuhai, and Shanghai," January 18–February 21, 1992, China Through A Lens online

33 Selon pasaj sa a, eksplike objektif diskou Deng Xiaoping lan ki adrese refòm ak politik ouvèti a nan Lachin. [1]

Score

Resanblans—di fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.

Diferans—di fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.

34a-34b Sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou:

- a) Idantifye yon resanblans **oswa** yon diferans ant politik devlopman ekonomik Mao Zedong yo ak pa Deng Xiaoping yo. [1]
- b) Eksplike resanblans lan **oswa** diferans lan ou idantifye nan sèvi ak prèv ki soti nan toude dokiman yo. [1]

34a Score	<input type="text"/>
34b Score	<input type="text"/>

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nennpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj oswa imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li ak analize chak nan *senk* (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèw ki soti nan dokiman yo pou sipòte repons ou avèk reyalyte, egzanp ak detay enpòtan.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante adrese ak divès degre siksè.

Sa pou fè:

- Idantifye **ak** defini yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo souleve
- Agimante poukisa pwoblèm ou te chwazi a siyifikatif **ak** fason li te pèsiste atravè epòk yo

Nan redaksyon ou an asire ou

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou *omwen twa* (3) dokiman pou idantifye yon pwoblèm pèsistan
- Sèvi ak prèw ki soti nan *omwen twa* (3) dokiman pou defini pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
 - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
 - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di bay yon non ak oswa nome.

Defini—vle di eksplike karakteristik yon bagay oswa konsèp pouke yo kapab konprann li.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèw ak rezon yo pou sipòte yon konklizyon.

Dokiman 1

Nan pasaj sa a, yo diskite transfòmasyon ekonomi Britanik lan.

Pandan kèlke deseni nan 19yèm syèk la machandiz Britanik yo te manifaktire yo te domine monn komès la. Plis atik ki manifaktire an gran kantite yo te pwodui pi efikasan ak pi konpetitivman nan Grann Bretay pase lòt kote. Li te genyen tou pouvwa finansye ak politik pou elimine konkiran li yo lakay ak aletranje. Nan kèk endistri, an patikilye tekstil, chanjman masif te fèt nan teknoloji ak nan òganizasyon pwodiksyon sa ki te lakòz kwasans pwodiktivite espektakilè. An konsekans, sa a te abouti ak yon bès konsiderab nan pri yo. Nan anpil lòt sektè yo plis amelyorasyon òganizasyonèl modès konbine ak plis espesyalizasyon ak anplwa mendèv bon mache te abouti ak rezilta ki sanble, byenke mwens espektakilè. Yon seri ak varyete san presedan [ekstraòdinè] pwodui konsa te vini alapòte yon nouvo mache ni nan Bretay ni aletranje. Okenn lòt peyi pat kapab nan kòmansman fè konkirans kidonk Bretay te vini atelye monn lan. . . .

Sous: Pat Hudson, "The Workshop of the World," BBC History online, March 29, 2011

Te se yonn nan prensipal pwodui yo te ekspòte soti Lend pou ale Bretay . . . Yon endistri kwasan, bò 1900 te gen ozalantou 4,000 plantasyon te nan nò ak sid Lend, epi tou plis pase 2,000 nan Ceylon (Sri Lanka kounye a). Bwason popilè sa a te jenere yon endistri ki te lajman pwofitab, epi yon kilti te te emèje nan Bretay avèk pwòp koutim ak rityèl fondamantalman [klasikman] Anglè li yo. . . .

NOUVÈL ILISTRE LOND YO 383

TE LIPTON YO

Soti dirèk nan Jaden Te jiska Po Te a.
Okenn Pwofi Entèmedyè yo pou Peye
RICH, PI, & SANTIBON.

1/- ak 1/4 pa liv
MEYÈ TE KE MONN LAN KA PWODUI.

1/7 pa liv
OKENN PRI PI WO.

PLIS PASE YON MILYON PAKÈ VANN CHAK SEMÈN.

SPECIAL NOTICE.—*Delivered Carriage Paid for an extra 1d. per lb. to any address in Great Britain on orders of 5 lb. and upwards. Samples sent free on Application.*

LIPTON,

Plantè Te & Kafè, CEYLON.

Is the Proprietor of the following celebrated Tea and Coffee Estates in Ceylon—Dambatenne, Laynsattota, Moorsakotte, Mahalambattenne, Mousakotte, Pooprasie, Hanagalla, and Gigracella, which cover thousands of acres of the best Tea land in Ceylon.

Tea and Coffee Shipping Warehouses: Maddema Mills, Cinnamon Gardens Colombo.


Ceylon Office: Upper Clapham Street, Colombo.

Indian Office and Shipping Warehouses: 5, Lyons Range, Calcutta.

Biwo Jeneral yo: BATH ST., CITY RD., LONDON, E.C.
SIKISAL LOND YO.

Angel House, Edington, N.; 203, Old Street, E.C.; 19, High Street, Kingsland; 240 and 242, Edgware Road, W.; 68, Westbourne Grove, W.; 417, Brixton Road, S.W.; 87, Christ Street, Poplar; 18, St. John's Road, Clapham Junction; 66, Rye Lane, Beckenham; 241, Watford Road; 144, Fryalder Road, East Greenwich; 12, High Street, Deptford; 245, High Street, Camden Town; 128, Lambeth Walk, Lambeth; High Road, Tottenham; 18 and 20, Strutton Ground, Westminster; 222, Wandsworth Road; 41, Seven Sisters Road, Holloway; Angel Lane, Stratford; High Street, Harlesden, Willesden Junction; 151, King Street, Hammersmith; High Street, Walthamstow; 228, North End Road, Fulham; 44, North End, Croydon; 62, New Cut, Lambeth; 182, High Street, Stoke Newington; 6, Little Pulteney Street, Soho; 11, Chapel Street, Somers Town; 1, Hare Street, Woolwich; 143, Salmon's Lane, Limbouse, E.; 294, Barking Road, Canning Town, E.

AND BRANCHES THROUGHOUT GREAT BRITAIN AND IRELAND.



Sous: Lipton Tea Advertisement, *The Illustrated London News*, September 17, 1892, as found in "Global Trade and Empire," Asians in Britain, British Library online

Dokiman 3

George Soros se yon investisè, biznismann ak filantwòp Ongwa-Ameriken. Li te pibliye liv ak atik sou finans ak politik piblik.

. . . Disparite [diferans] nan tretman mendèv ak kapital se yon karakteristik esansyèl sistèm kapitalis global la jan li òganize aktyèlman an. Kapital deplase nan peyi yo kote li jwenn mendèv bon mache ak lòt kondisyon favorab yo. Sa ede peyi sa yo devlope; yon kantite nan yo te fè pwogrè remakab. Peyi devlope yo pèdi travay, men pwofi yo fè nan komès la pèmèt travay, ki souvan gen plis valè ajoute, vinn kreye. Gen yon sèten kantite migrasyon tou, alafwa legal ak ilegal, nan peyi rich yo pou konble travay ki pa kapab konble lokalman yo. Men travayè yo nan peyi ki ofri mendèv bon mache yo souvan pèdi dwa pou òganize epi yo maltrete yo nan lòt fason yo. Lachin selèb nan sans sa a. . . .

Sous: George Soros, *George Soros On Globalization*, PublicAffairs, 2002

Anbochaj Timoun ak Mache Lib Mondyal

Minimòm laj pou travay Konvansyon sou Anbochaj Timoun Òganizasyon Entènasyonal pou Travay (International Labor Organization, ILO) la etabli a se 15 an, byenke nan sikonstans espesyal yo li kapab 14 an. Poutan an 2000, ILO a te estime ke te genyen 211 milyon timoun ant laj 5 ak 14 an k ap travay nan monn lan. Sa se ekivalan jis anba yon senkyèm (1/5) tout timoun nan gwoup laj sa a. Nan timoun sa yo, ozalantou 73 milyon te gen pi piti pase 10 ane. Sa sanble tankou eksplwatasyon ki pi mal la—epi li souvan se sa.

Konpare ak Òganizasyon Mondyal Komès [World Trade Organization, WTO] la, ILO a preske san pouvwa, sa ki pwovoke kritik globalizasyon an pou agimante an favè yon wòl pi gran pou WTO a nan aplike nòm mendèv yo. Anpil vyolasyon mendèv yo pa gen anyen pou wè ak komès entènasyonal epi yo ka pa gen okenn enpak sou li. Nan anpil peyi, pa egzansp, yo pa wè anbochaj timoun kòm eksplwatasyon men kòm pati nòmal lavi fanmi. Timoun yo travay ansanm ak paran yo ak lòt fanmi yo nan biznis fanmi elaji yo. Lòt yo, ki mwens fòtine, travay nan izin yo, jaden yo oswa min yo.

Kèk moun te agimante pou pi gran ratifikasyon ak aplikasyon konvansyon ILO yo. Byenke yon entèdiksyon mondyal sou anbochaj timoun ta kapab sanble yon bon lide, li ka an reyalyte fè bagay yo vin pi mal, plis pouse fanmi an difikilte yo nan povrete. Yon akò resan ki te negosye nan Brezil sigjere yon solisyon posib. La, yon pwojè pilòt ki te gen siksè peye sibvansyon pou fanmi pòv yo si tout timoun nan fanmi an ale lekòl regilyèman. Yon pwopozisyon resan t ap rekonpanse ti fi avèk yon kont epay si yo konplete uit (8) ane lekòl.

Sous: Randall Frost, *The Globalization of Trade*, Smart Apple Media, 2004

Dokiman 5

Guiyu se yon vil nan Lachin ki selèb paske li resikle dechè elektwonik (e-waste). Anpil moun ki enplike nan biznis dechè elektwonik lan te emigre soti nan rejyon pi pòv Lachin yo pou jwenn travay avèk espwa pou louvri pwòp biznis yo. Andrew Blackwell te vizite Guiyu an 2011.

. . . Eritye yo [fanmi Han nan] te yonn nan plizyè milye atelye ki sanble yo nan vil la. Tout ekonomi Guiyu a baze sou dechire vye aparèy elektwonik yo epi revann eleman yo ak matyè premyè yo. Mache nan lari yo epi ou pral wè batiman apre batiman avèk yon atelye nan redchouse a epi lojaman fanmi yo nan etaj siperyè yo.

Se yon biznis sal. Òdinatè yo plen ak tout kalite bagay—bagay eksepte entènèt la—epi lè ou dechire yo, oswa fonn yo, oswa siye yo an pyès, yon pòsyon sibstans toksik sa yo lache. Nan yon kote tankou Guiyu, avèk sa m pral rele nòm milye travay rilaks yo, ou retwouve atelye yo plen pousyè plon ak lòt metal lou yo epi plizyè nyaj kiyès ki byen konnen kisa k ap flote nan lari yo. Dlo a ranpli ak PCB yo ak PBDE yo epi lòt sig danjere yo. Lè a, dlo a, pousyè a—nan Guiyu li vini ak pwomès kansè yo, detoryasyon nèvez, ak devlopman anfans anpwazone.

Ekspòte dechè toksik yo lòtbò fwontyè yo, espesyalman nan peyi anvw devlopman yo, sipoze ilegal. Konvansyon Basel la, trete ki rann li òlalwa a, te preske gen deja ven (20) ane nan epòk mwen te vizite Guiyu, an 2011. Byenke, nan ka dechè elektwonik lan, konvansyon an fasil pou evite [kontoune]. Kòm kowòdonatè elektwonik ekolojik la nan Greenpeace pèmanan an te di, “fason komen ekspòte yo kontoune regilasyon egzistan yo se renome dechè elektwonik yo kòm machandiz dezyèm men pou resiklaj.” . . .

Sous: Andrew Blackwell, *Visit Sunny Chernobyl*, Rodale, 2012

Paj sa a rete vid toutespre.

FAKILTATIF

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon pou planifye repons ou si ou dezire, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Pwoblèm Pèsistan Mwen se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Yonn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen omwen twa (3) dokiman ki sipòte pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki sipòte pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope definisyon pou pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	

Refere ankò ak paj 24 pou revize sa pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj an liy yo nan ti liv redaksyon an.

